

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tumuwuhna karya sastra teu leupas tina kamotékaran jeung kréativitas manusa dina nepikeun eusi pikiran dina wangun lisan jeung tulisan. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Isnendes (2010, kc. 10) yén karya sastra minangka prosés kréatif taya lian ti éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana ngaliwatan médium basa, boh lisan boh tulisan. Karya sastra téh aya nu luyu jeung kanyataan, aya ogé nu ukur rékaan tina kahirupan manusa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Nurgiyantoro (2012, kc. 3) yén karya sastra téh ngébréhkeun pasualan kahirupan manusa salaku hasil dialog, kontémplasi, jeung réaksi manusa kana kahirupan. Anapon nurutkeun Damono (2010, kc. 1) karya sastra téh mangrupa gambaran tina kanyataan sosial kahirupan manusa. Lian ti éta, karya sastra téh karya seni fiktif nu éndah, sabab mangrupa hasil tina prosés mikir sacara imajinatif. Ieu hal luyu jeung nu ditepikeun ku Iskandarwassid (2016, kc. 204) minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra).

Karya sastra bisa dipasing-pasing deui kana sababaraha bagian. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 21) wincikan atawa klasifikasi sastra Sunda ngawengku wangun, warna jeung wanda. Wangun nyaéta klasifikasi dumasar kana gunggungungan perwujudanana, warna nyaéta klasifikasi dumasar kana période mangsa atawa waktu sastra gelarna, wanda nyaéta klasifikasi dumasar média nu dipaké pikeun nepikeunana. Wangun karya sastra Sunda aya tilu rupa, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Dina enas-enasna karya sastra dipasing-pasing lantaran miboga ciri-ciri nu béda, saban jenis karya sastra miboga konvénsi nu ajeg pikeun ngawangun ciri éta karya (Wellek & Warren, 2014, kc. 3). Salah sahiji ciri nu béda katitén dina wangun karya drama, upama dibandingkeun jeung prosa katut puisi. Dina drama bakal leuwih kagambar kumaha runtuyan carita nu gembleng, watek tokoh nu jelas, jeung diwangun ku dialog-dialog nu dalit salaku sarana dina midangkeun hiji lalakon atawa carita.

Ferdina Husdianto, 2018

NASKAH DRAMA "RAJA WALES" KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA DI SMA KELAS XI: Ulukan Struktural Jeung Semiotik
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama (Isnendes, 2010, kc. 75). Nurutkeun Damono (dina Dewojati, 2010, kc. 1) salaku karya, drama miboga karakteristik husus, nyaéta dimensi sastra jeung dimensi pintonan. Ieu hal luyu jeung pamadegan Dewojati (2010, kc. 1) anu nétélakeun yén drama diciptakeun miboga udagan pikeun ngahibur tur méré mangpaat ka nu maca (lamun dramana ditulis) jeung ka nu nongton (lamun dramana dipagelarkeun). Minangka sastra tinulis, naskah drama miboga kalungguhan nu sarua jeung prosa, katut puisi nyaéta pikeun diaprésiasi. Ieu hal luyu jeung pamadegan Endraswara (2011, Kc. 144) yén drama téh karya sastra nu éndah sabab nyangkaruk ajén éstétika jeung artistik, jadi drama perlu diaprésiasi.

Dina proses ngaprésiasi hiji naskah drama tangtu teu ngan ukur sakali maca jeung nongton pintonanna, tapi kudu leuwih jero disurahan deui sangkan amanatna bisa kacangking. Ieu hal aya patalina jeung pangajaran basa jeung sastra di dunya atikan. Ngaliwatan prosés aprésiasi drama, siswa bisa mekarkeun kaparigelan jeung kréativitasna sacara rasional jeung proporsional, ku kituna udagan aprésiasi drama di dunya atikan nyaéta pikeun mekarkeun kaparigelan maca jeung nafsirkeun naskah drama, ngawanohkeun karya-karya dramatik nu euyeub ku ajén-inajén kahirupan, nyukcruk galur tradisi dramatik jeung sajarah kamekaran bangsa, mekarkeun pola pikir jeung cita rasa dina seni drama, ngaronjatkeun minat siswa kana mintonkeun drama, sarta ngawanohkeun pentingna kalungguhan drama salaku sumber pangaweruh jeung kasadaran kana pasualan nu aya di masarakat (Endraswara, 2011, kc. 148).

Hakékat ngaprésiasi karya sastra, boh éta prosa, puisi boh drama nyaéta pikeun ngajén éta karya dumasar kana pamarekan nu digunakeunna. Ieu hal luyu jeung nu ditepikeun ku Koswara (2013, kc. 20) yén ngulik karya sastra téh gumantung kana tujuan nu rék dihontal ku panalungtikna, ku sabab kitu ieu hal gumantung ogé kana pamarekan nu rék digunakeunna. Patali jeung éta hal, Abrams (dina Koswara, 2013, kc. 12) nétélakeun ayana sababaraha pamarekan dina karya sastra nyaéta, 1) kritik mimétik, nu napak kana sawangan yén karya sastra mangrupa hiji titiron atawa gambaran dunya jeung kahirupan manusa, 2) kritik pragmatik, nyaéta kritik nu disusun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu keur

Ferdina Husdianto, 2018

NASKAH DRAMA "RAJA WALES" KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA DI SMA KELAS XI: Ulukan Struktural Jeung Semiotik
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nu macana, 3) kritik ékspresif, nyaéta kritik anu nandeskeun talaahna kana kaparigelan pangarang dina ngamalirkeun gagasanna, 4) kritik objéktif, nyaéta kritik sastra anu dumasar kana sawangan yén karya sastra saéstuna mangrupa karya nu mandiri, boga dunyana sorangan.

Drama mangrupa karya sastra nu teu leupas tina struktur atawa unsur pangwangunna. Hiji drama bisa diapresiasi ku cara nganalisis struktur atawa unsur pangwangunna. Upama dipatalikeun jeung pamarekan Abrams, analisis struktural kaasup pamarekan karya sastra nu objéktif, nyaéta pamarekan nu nandeskeun karya sastra salaku struktur nu otonom (Teeuw dina Koswara, 2007, kc. 20). Nurutkeun Nurgiyantoro (2012, kc. 36) kajian struktural mangrupa salah sahiji pamarekan kasusastraan anu museur kana kajian hubungan antar unsur pangwangun karya sastra. Unsur-unsur pangwangun karya sastra ditétélakeun ku Stanton (2012, kc. 20) nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana carita. Lian ti éta, nurutkeun Hasanuddin (2009, kc. 93-123) karya sastra winangun carita drama miboga unsur-unsur nu sarua jeung karya sastra séjénna, saperti novél, roman, atawa carita pondok nyaéta téma, tokoh, latar, alur jeung amanat (unsur fisik pangwangun carita drama). Anapon nurutkeun Isnendes (2016, kc. 34-35) aya salapan unsur naskah drama nyaéta prolog, dialog, adegan, babak, épisode, wawancang, *solilokui*, *aside*, jeung épilog.

Lian ti ngagunakeun pamarekan struktural, dina nganalisis karya sastra aya deui pamarekan nu bisa digunakeun nyaéta semiotik. Nurutkeun Mukarovsky (dina Faruk, 2015, kc. 77) karya sastra mangrupa fakta semiotik, ari semiotik téh mangrupa kamekaran tina pamarekan struktural. Semiotik bakal maluruh tur nyangkem ma'na unggal unsur nu aya dina karya sastra. Ngaliwatan pamarekan struktural jeung semiotik, nu maca bakal maham kana ma'na nu nyangkaruk dina karya sastra. Nurutkeun Van Zoes (dina Isnendes, 2010, kc. 95) semiotik téh hartina élmuning tanda, lantaran semiotik téh cabang tina ilmu nu nguruskeun tanda, kawas sistim tanda jeung prosés nu bisa dilarapkeun pikeun digunakeunana tanda. Pradopo (dina Firmansyah, 2013, kc. 4) nétélakeun yén semiotik mangrupa élmu ngeunaan tanda-tanda nu miboga harti. Tina sababaraha éta wangenan, panalungtik nyindekkeun yén semiotik nyaéta élmu anu ngulik ngeunaan tanda

jeung sagala hal nu patali jeung éta tanda kalawan tujuanana pikeun maluruh harti nu sabenerna dina hiji karya sastra.

Naskah drama anu baris ditalungtik nyaéta “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga. Ieu naskah drama nyaritakeun pasualan sosial ngeunaan parebutan kakawasaan, dibarung ku ayana tilu karakter tokoh nu kumawula, tapi pada ahirna ngahianat ka raja. Ieu naskah drama dipilih sabab mangrupa naskah anu pinuh ku ungkara-ungkara nu ngandung ma’na, eusi carita ngagambarkeun kaayaan masarakat nu euyeub ku ajén-inajén kahirupan, jeung ngandung kritik sosial. Tina sababaraha éta hal, jadi dadasar kunaon ieu naskah dipilih ku panalungtik salaku hiji tarékah pikeun numuwuhkeun karep kana miara basa katut budaya Sunda, sarta mekarkeun pangajaran sastra Sunda di dunya atikan.

Sabada dipaluruh, panalungtikan ngeunaan naskah drama basa Sunda masih kawilang langka. Panalungtikan anu medar perkara drama diantaranya: “Aspék Sosiologis Naskah Drama Cempor Karya R. Hidayat Suryalaga Tilikan Strukturalisme Génétik” ku Asri Afrilianti (2007), “Analisis Naskah Drama “Meredong” Karya Rosyid E. Abby saduran tina Naskah Drama “Ke” karya Yudhistira ANM Massardi (Ulikan Semiotik)” nu ditalungtik ku Sanjani (2012), “Analisis Semiotik Naskah Drama Sadrah karya Nazarudin Azhar” ku Yokeu Darisman (2014), “Naskah Drama Jeblog karya Nazarudin Azhar (Tilikan Strukturalisme Genetik)” ku Yosef M. Ibrahim (2014), Naskah Longsér R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran Drama di SMA (Tesis) ku Arif Firmansyah (2013), “Naskah Drama Sanghyang Tapak karya R. Hidayat Suryalaga (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)” ku Irma Subantari (2014), “Analisis Struktur jeung Psikologi Sastra Naskah Drama Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit karya Ayi G. Sasmita” ku Ryan Rubi Pasha (2017) sarta “Naskah Drama Murangkalih *Geber-Geber Hihid Aing* Karya Wahyu Wibisana dina Tilikan Struktural pikeun Bahan Pangajaran Paguneman di kelas V SD” ku Galih Nugraha Permana (2017).

Naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga can kungsi ditalungtik sacara struktur jeung semiotik. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Naskah Drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XI (Ulikan Struktural jeung Semiotik)”. Perlu dilaksanakeun.

Ferdina Husdianto, 2018

NASKAH DRAMA “RAJA WALES” KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA DI SMA KELAS XI: Ulikan Struktural Jeung Semiotik
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumaha struktur naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga anu ngawengku, unsur fisik pangwangun carita drama (téma, tokoh, latar, alur jeung amanat) jeung unsur naskah drama (prolog, dialog, babak, épisode, adegan, wawancang, *solilokui*, *aside*, jeung épilog)?
- 2) Kumaha unsur semiotik (*ikon*, *indéks* jeung *simbol*) naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga?
- 3) Kumaha larapna hasil analisis struktural jeung semiotik naskah drama “Raja Wales” pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XI?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh struktur drama anu ngawengku, unsur fisik pangwangun carita drama (téma, tokoh, latar, alur jeung amanat), unsur naskah drama (prolog, dialog, babak, épisode, adegan, wawancang, *solilokui*, *aside*, jeung épilog) jeung unsur semiotik (*ikon*, *indéks* jeung *simbol*) dina naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga sarta larapna hasil analisis struktural jeung semiotik pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XI.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- 1) Ngadéskripsikeun struktur drama nu aya dina naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga anu ngawengku, unsur fisik pangwangun carita drama (téma, tokoh, latar, alur jeung amanat) jeung unsur naskah drama (prolog, dialog, babak, épisode, adegan, wawancang, *solilokui*, *aside*, jeung épilog).

- 2) Ngadéskripsikeun unsur semiotik (*ikon, indéks jeung simbol*) dina naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga.
- 3) Ngadéskripsikeun larapna hasil analisis struktural jeung semiotik pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XI.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta ngeuyeuban dunya paélmu ngeunaan sastra, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan naskah drama, struktural jeung semiotik dina karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber référénsi utamana pikeun bahan pangajaran jeung bisa méré gambaran ka mahasiswa, hususna Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda ngeunaan panalungtikan struktural jeung semiotik karya sastra.
- 2) Pikeun lembaga kasundaan, bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda.
- 3) Pikeun Guru, salaku alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XI.
- 4) Pikeun anu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh jeung wawasan.
- 5) Pikeun masarakat, nambahan pangaweruh sarta ngadeudeulan informasi ngeunaan struktur jeung unsur semiotik dina naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab, nyaéta:

Bab I Bubuka. Dina ieu bab diguar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina ngeunaan tiori sastra, drama, struktural, semiotik, bahan pangajaran, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode Panalungtikan. Diguar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dijéntrékeun ngeunaan analisis struktural jeung semiotik dina naskah drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga sarta larapna pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XI.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran, nu eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun.